



Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisè Enterimè

Chè Paran/Gadyen:

Lekòl segondè se yon moman enteresan pou elèv yo pandan y ap kòmanse prepare avni yo. Antanke paran yon elèv ki gen laj pou lekòl segondè, ou jwe yon wòl trè enpòtan nan ede pitit ou a prepare avni li.

Planifikasyon tranzisyon an se pwosesis lekòl yo itilize pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo planifye avni yo apre lekòl segondè. Sèvis eskolè disponib pou pitit ou jiskaske li genyen yon diplòm Regents oswa lokal oswa jiskaske aksè li nan yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye fini. Nou ankouraje ou menm ak pitit ou a pou w itilize tout sèvis sa yo.

Ou menm ak pitit ou a gen opòtinite pou diskite sou planifikasyon tranzisyon an nan tout reyinyon ak Komite pou Edikasyon Espesyal la (CSE). Diskisyon sa a kapab fèt sou plan pou edikasyon ak fòmasyon apre lekòl segondè pou prepare pou yon travay oswa yon karyè, edikasyon kontinyèl adilt oswa lòt pwogram edikasyon, patisipasyon aktif nan kominote a, jwenn ak kenbe yon travay, lavi endepandan ak/oswa lòt sèvis pou adilt. Plan tranzisyon pitit ou a ta dwe anviyè nan laj 15 zan (8 NYCRR 200.4(d)(2)(ix)), men li kapab kòmanse tou pi bonè. Pwosesis planifikasyon an gen plis siksè lè li gen ladan ni ou menm ni pitit ou a.

Si pitit ou a gen yon andikap devlopmantral, ou ka pran enfòmasyon sou sèvis yo ofri nan Biwo Eta New York la pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo (OPWDD). OPWDD ofri anpil sèvis, tankou sipò nan kay, sipò kominotè, ak fòmasyon pou travay, pou ede yon elèv ki gen yon andikap devlopmantral fè yon tranzisyon ki reyisi soti nan lekòl pou ale nan lavi adilt. Elèv yo ak fanmi yo dwe aplike pou resevwa sipò sa yo epi yo ka bezwen aplike pou Medicaid tou si sèvis yo vle yo egzijè sa.

Pou aprann plis sou kondisyon ak sèvis elijiblite OPWDD yo, ou menm ak pitit ou a ka gade videyo Front Door OPWDD yo nan <https://opwdd.ny.gov/get-started>. Pou plis enfòmasyon epi pou w jwenn yon kopi ti liv resous Aksè nan Sèvis pou moun yo ak fanmi yo, vizite <http://www.opwdd.ny.gov/get-started>. Elèv ki deja elijib pou sèvis OPWDD yo epi ki lye ak yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) dwe kontakte Jesyonè Swen yo pou ede yo mande sèvis pou adilt yo.

Si w panse avni pitit ou a ka gen ladan sipò ak sèvis OPWDD ofri yo, li enpòtan anpil pou w kontakte nou pi vit posib. Si w ta renmen distri lekòl la envite yon reprezantan OPWDD pou patisipe nan planifikasyon tranzisyon pitit ou a, ou dwe siyen yon konsantman pou divilge dosye edikatif ak medikal yo epi mande lekòl ou a envite reprezantan OPWDD a. Lalwa federal ak règleman Eta New York egzije konsantman pou piblikasyon dosye edikasyon yo.

Nou espere travay avèk ou ak fanmi ou sou planifikasyon tranzisyon pou sèvis apwopriye ak yon avni ki reyisi pou pitit ou a. Si w gen nenpòt kesyon sou OPWDD, tanpri kontakte Biwo Eksteryè Rejyonal (RFO) lokal ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte RFO a lè w rele liy enfòmasyon nou an nan **866-946-9733** oswa voye nou yon imèl nan info@opwdd.ny.gov.

Sensèman,

Willow Baer
Komisè Enterimè

Revize 8/02/2024